



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN KAT SIT KÒ ENJENYÈ LAME A IDANTIFYE
NAN LIS INISYAL LOPITAL TANPORÈ YO**

***Gouvènè a pral vizite sit yo - Sant Konvansyon Jacob K. Javits, SUNY Stony
Brook, SUNY Old Westbury ak Sant Konvansyon Westchester***

***Anonse nouvo aksyon pou ogmante apwovizyonman ekipman pou pwoteksyon
pèsonèl nan Eta a***

***Pibliye dekrè egzekitif pou fèmen tanporèman tranzaksyon yo nan biwo DMV;
tranzaksyon sou entènèt yo toujou disponib***

Anonse FEMA te apwouve demann New York pou deklarasyon gwo dezast la

***Mande delegasyon Kongrè New York la pou korije lwa federal sou èd pou
kowonaviris la ki aktyèlman egzante New York pou resevwa èd***

Komisè Depatman Sante a rekòmande esè pou nouvo tretman avèk medikaman

***Nouyòkè yo ka enskri pou jwenn mizajou atravè imèl [isit la](#) epi poze kesyon sou
COVID-19 la [isit la](#)***

***Nouyòkè yo ka jwenn plis enfòmasyon sou nouvo lwa pou konje maladi peye
anrapò ak COVID-19 la [isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a rekòmandasyon Kò Enjenyè Lame a konsènan kat sit inisyale nan New York pou lokalizasyon lopital tanporè yo - Sant Konvansyon Jacob K. Javits (Jacob K. Javits Convention Center) ak anplasan nan SUNY Stony Brook, SUNY Old Westbury ak Sant Konvansyon Westchester. Nan jou pase yo, gen yon ekip enspeksyon ke Kò Enjenyè Lame a te dirije epi ki gen ladan responsab yo nan Eta a ki soti nan Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services), Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York), Depatman Sante (Department of Health) ak Divizyon Militè ak Zafè Marin nan Eta New York (New York State Division of Military and Naval Affairs), te vizite plis pase yon douzèn sit pou egzamine yo pou itilizasyon kòm lopital tanporè. Sou desizyon Gouvènè a, Kò Lame a ta dwe kòmanse travay touswit pou konstwi lopital tanporè yo. Gouvènè a mande FEMA tou pou deziyen kat lopital avèk 250 kabann nan chak pou Eta a, ki ap la pou itilize nan Sant Javits lan anplis de lopital tanporè ke Kò Lame a ap gen pou konstwi.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Eta a ap pran nouvo mezi pou ogmante apwovizyonman ekipman pou pwoteksyon pèsonèl - oswa PPE. Eta a te idantifye de milyon mask N95 pou li achte epi pral voye yon milyon bay Vil New York ak 500,000 bay Lond Island. Fabrikan rad yo nan Eta a ap chanje operasyon yo pou kòmanse fabrike mask ak lòt ekipman medikal epi Eta a ap egzamine fabrikasyon mask yo. Anplis de sa, Eta a ap rasanble vantilatè ki soti nan plizyè sant sante nan tout Eta a pou itilize nan pifò zòn enpòtan yo epi li te deja achte 6,000 vantilatè anplis.

Gouvènè a te pibliye tou yon dekrè egzekitif pou fèmen tanporèman Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) pou tout vizit nan biwo. Tranzaksyon sou entènèt, ki gen ladan renouvèlman lisans, toujou disponib. Ekspirasyon lisans ak pèmi yo ap pwolonje.

Gouvènè a te anonse tout ke gouvènman federal la te apwouve demann New York pou yon deklarasyon gwo dezaz ki pèmèt FEMA entèveni finansyèman ak ede Eta a. Nan kad deklarasyon aktyèl la, FEMA ap peye 75 pousan nan finansman an epi New York responsab pou 25 pousan. Gouvènè a ankouraje Prezidan an ak administrasyon li an pou aksepte 100 pousan kòm pataj depans federal nan kad deklarasyon sa a. Gouvènè a ankouraje gouvènman federal la pou apwouve byen vit demann Eta a ki annatant lan pou sipòte mèt kay yo atravè pwogram asistans endividyèl anplis yo ak asistans pou redui danje nan tout Eta a.

Gouvènè a mande delegasyon Kongrè New York la tou pou modifiye lejislasyon federal sou kowonaviris la pou asire New York kalifye pou resevwa 6 milyon dola èd. AKòz yon pwoblèm teknik aktyèl nan pwojè lwa a, Eta New York pa kalifye pou resevwa èd.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse Komisè Depatman Sante Eta sa a, Doktè Zucker, te rekòmande esè pou nouvo tretman avèk medikaman pou ede konbat COVID-19 la. FDA a akeri 10,000 dòz idwoksiklowokin ak Zithromax pou Eta New York pou itilize kòm baz pou esè a.

Nouyòkè yo ka enskri pou resevwa mizajou atravè imèl chak jou sou sitiyasyon COVID-19 la k ap evolue a [isit la](#) epi ka poze kesyon sou COVID-19 la [isit la](#). Nouyòkè yo ka jwenn plis enfòmasyon tou sou nouvo lwa pou konje maladi peye anrapò ak COVID-19 la [isit la](#).

"Chak jou, nou wè kantite ka nouvo kowonaviris la kontinye ogmante epi nou konnen ke dapre tout pwojeksyon yo, nou pral gen plis ospitalizasyon ke sa nou ka fè fas ak yo nan sistèm swen sante nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou gen yon plan aksyon pou ede sispann pwopagasyon viris sa a, ki gen ladan elaji kapasite lopital ak idantifye nouvo kabann lopital yo epi apre reyinyon avèk Kò Enjenyèr Lame a ak tandè rekòmandasyon yo, nou kanpe tou pare pou konstriksyon lopital tanporè yo nan kat sant nan Eta New York. Sa se yon kriz sante piblik men sa ki pi mal pase viris la se laperèz. Men nou gen yon plan epi n ap fè tout sa nou kapab pou kenbe moun yo enfòmè ak sove lavi."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)